

Ki sa ki Evalyasyon Altènatif Connecticut nan Konpetans Lang Anglè?



Evalyasyon Altènatif Connecticut Konpetans nan lang Anglè (CAAELP, an anglè) mezire konpetans pitit ou a nan lekti, ekriti, pale, koute ak konprann anglè. Konpetans se kapasite pou utilize lang anglè a pou kominike lide, konesans ak enfòmasyon. Evalyasyon sa a baze sou [Estanda Altènatif Konpetans Lang Anglè yo](#), ki fèt pou trete kapasite lang elèv yo bezwen pou yo gen siksè nan lekòl la ak apre.

Ki sa ki Estanda Altènatif Konpetans Lang Anglè (ELP, an anglè)?

10 Estanda Altènatif ELP yo defini ki konpetans nan lang anglè elèv yo ta dwe genyen nan nivo klas espesifik yo. Yo mete aksan sou chanjman nan fè apwòch lang ak kontni yo separeman epi konsantre sou mezire konpetans lang pitit ou a bezwen pou jwenn aksè konplè nan pwogram edikasyon jeneral la. Ni pwofesè anglè kòm dezyèm lang (ESL) ni pwofesè nan domèn kontni ap utilize estanda sa yo pou ede prepare pitit ou a pou l reyisi nan lang anglè, matematik ak syans.

Kilè pitit mwen an pral pran CAAELP la?



Yo bay CAAELP la chak ane. Epòk tès 2024-2025 pou distri ki nan eta Connecticut pou CAAELP se 13 janvyè - 7 mas 2025.

Resous pou paran adisyonèl:

- [Apèsi sou Sistèm Evalyasyon Altènatif Connecticut pou paran](#)
- [Kesyon ak repons yo poze souvan konsènan Fòm Kalifikasyon pou Sistèm Evalyasyon Altènatif Connecticut](#)
- [Kesyon ak Repons yo Poze Souvan Konsènan Sistèm Evalyasyon Altènatif Connecticut la](#)
- [Enfòmasyon pou Paran ak Fanmi ELP yo](#)
- [Resous pou Fanmi ak Edikatè](#)

Kontakte nou pou plis enfòmasyon

Biwo Pèfòmans CSDE
Imèl: ctstudentassessment@ct.gov

Non: Katie Seifert
Imèl: Katherine.Seifert@ct.gov

Non: Deirdre Ducharme
Imèl: Deirdre.Ducharme@ct.gov



Gid pou Fanmi CAAELP



Kiyès ki pran CAAELP la?



Elèv yo te idantifye kòm elèv k ap aprann anglè/aprann plizyè lang (ELs/MLs)* epi ki gen yon andikap mantal grav jan Ekip Planifikasyon ak Plasman (PPT, an anglè) detèmine lè yo fin ranpli Fòm Kalifikasyon Evalyasyon Altènatif Connecticut yo kalifye pou pran CAAELP. CAAELP mezire pwogrè pitit ou a ap fè nan reyalize konpetans nan lang anglè.

**Sèvi ak definisyon federal "Aprann Anglè"*

Kouman yo itilize CAAELP pou ede pitit mwen an?

Objektif prensipal CAAELP se pou kalifye elèv yo pou sèvis lang apwopriye epi ede nan oryante lekòl yo pou yo pi byen sipòte bezwen elèv yo. Pandan CAAELP pa konte pou gradyasyon lekòl segondè, li detèmine si elèv ou a resevwa èd siplemantè yo ka bezwen pou patisipe totalman epi reyisi nan lekòl la.

Kouman mwen ka ede pitit mwen an pare?



Ou se yon patnè enpòtan nan edikasyon pitit ou a. Men kèk bagay ou ka fè pou ede prepare pitit ou a pou CAAELP a:

- ✓ Vizite [Resous CAAELP yo \(cambiumast.com\)](https://www.cambiumast.com) pou jwenn enfòmasyon sou fason pou jwenn aksè nan tès pratik CAAELP yo, ki gen entansyon ede pitit ou a vin abitye ak kesyon egzamen yo.
- ✓ Enfòmè pitit ou a pral gen tès pratik ki disponib pou yo ka vin abitye ak platfòm tès la ak konfigirasyon an.
- ✓ Eksplike pitit ou a tès sa yo se zouti pou ede yo aprann, epi yo pa ta dwe enkyete yo oswa pè.

Kijan m ap jwenn nòt CAAELP pitit mwen an?

Lekòl ou a ap ba w yon rapò sou pèfòmans pitit ou a nan CAAELP. Sa a pral rive depi CSDE finalize nòt yo nan fen sezon prentan.

Ki jan CAAELP diferan ak evalyasyon anvan yo?


CAAELP se yon tès ki baze sou òdinatè ki fèt espesyalman pou EL/MLs ki gen andikap mantal ki pi grav yo. Li gen ladann kesyon inovatè ki reflekte sal klas la ak senaryo mond reyèl la. Gade yon egzanp youn nan atik CAAELP yo anba a.

ECHANTIYON ATIK

Klas 2yèm ane-3yèm ane: Tande: Respons yo chwazi

Tande fraz la. Epi reponn kesyon an.

Mwen renmen ale deyò epi santi solèy cho a sou figi m. Ki foto ki montre pati deyò?



Kisa k ap pase lè pitit mwen an pa yon EL/ML ankò?

Pitit ou a p ap pran CAAELP ankò. Yo pral sispann resevwa sèvis ansèyman espesyalize nan lang anglè/sèvis enstriksyon plizyè lang men yo ka kontinye resevwa kèk sipò adisyonèl epi y ap evalye l pandan dezan.

Pou plis enfòmasyon sou Alt ELPA, vizite